

# ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

**Mèkredi** 28 Janvye 2015 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy komunikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

**Pati I** an gen 50 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

**Pati III B** a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.**


## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak graf ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.

#### Tonaj Transpò sou Kannal Erie, 1836–1860



#### Ane

— Douglass C. North, *The Economic Growth of the United States, 1790–1860*, W.W. Norton & Company (adapte)

- 1 Enfòmasyon ki nan graf la sipòte pi aklè konklizyon ki endike Kannal Erie
  - (1) te ralanti migrasyon nan Midwès
  - (2) te ranplase chemenfè kòm metòd prensipal transpò
  - (3) te amelyore transpò a ant Rivyè Hudson ak Gran Lak yo
  - (4) te depannde developman bato-a-vapè pou itilizasyon kannal la
- 2 Yon rezulta prensipal reyalizasyon Kannal Erie se te
  - (1) popilasyon Rochester te diminye
  - (2) transpò sou Lak Champlain te diminye
  - (3) manifakti toutolon kannal la te diminye
  - (4) Vil New York te vin sant komèsyal nasyon an

- 3 Ki faktè ki te pi enfliyanse developman ekonomik Sid kolonyal?

- (1) anpil forè
- (2) sezon kwasans cho ak imid
- (3) depo ki gen anpil minrè fè ak chabon
- (4) anpil enèji idwolik pou manifakti

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 4.

...Jiri a te deplase, epi nan yon ti tan li te retounen, epi grefye a mande, si yo te dakò avèk vèdik yo, epi si John Peter Zenger te koupab poutèt li te enprime ak pibliye difamasyon nan enfòmasyon ki endike yo? Yo te reponn avèk vwa Thomas Hunt, prezidan yo, pou di, Pa Koupab. Avèk repons sa a, te gen twa (3) aplodisman [bravo] nan sal la ki te gen anpil moun, epi nan pwochen jou a, yo te lage mwénan nan prizon an.

— John Peter Zenger, 1734

- 4 Pwosè tribal la ki diskite nan pasaj sa a te enpòtan nan developman Amerik kolonyal paske li te ede kreye prensip

- (1) libète laprès
- (2) doub enkriminasyon
- (3) libète pou rasanble
- (4) endependans jidisyè

- 
- 5 Teyori kontra sosyal jan yo itilize li nan Deklarasyon Endependans te pi dirèkteman enfliyanse nan dokiman ekri

- (1) John Locke
- (2) Adam Smith
- (3) Voltaire
- (4) Benjamin Franklin

- 6 Anba Atik Konfederasyon, yo souvan konsidere ane ant 1781 ak 1787 kòm “peryòd ki enpòtan anpil” paske
- (1) koloni yo te fose peye gwo dedomajman ba Angleterre
  - (2) eta yo t ap batay nan Lagè Lafrans ak Lend
  - (3) eta sid yo te menase pou separe avèk Inyon an akòz pwoblèm esklavaj la
  - (4) gouvènman santral la pa t gen ase pouvwa pou rezoud pwoblèm prensipal yo
- 7 Ki pouvwa ki konsène sistèm jistis federal yo te mete anplas nan pwochè *Marbury* kont *Madison*?
- (1) Prezidan an lonmen tout jij federal yo.
  - (2) Kongrè a kreye tribinal federal enferyè.
  - (3) Manm tribinal federal yo sèvi manda yo avi.
  - (4) Yo ka deklare lwa federal yo enkonstitisyonèl.
- 8 Sekretè trezò Alexander Hamilton te sipòte kreyasyon Bank of the United States paske bank lan ta
- (1) ogmante pouvwa bank eta yo
  - (2) ogmante revni an pou redui bezwen pou dwa ladwàn yo
  - (3) ede asire estabilite ekonomik nouvo nasyon an
  - (4) bay prè pou frè ki ba pou kiltivatè yo
- 9 Lidèchip Prezidan George Washington pandan Rebelyon Wiski (1794) te enpòtan paske li
- (1) te montre konpetans nouvo gouvènman an pou kore lwa federal la
  - (2) ede asire re-éléksyon pou yon twazyèm manda
  - (3) te fose kiltivatè fwontyè yo limite pwodiksyon gress yo
  - (4) te sispann konstwiksyon fò nan Nòdwès
- 10 Kisa ki se yon rezulta prensipal desizyon Kou Siprèm nan pwochè *McCulloch* kont *Maryland* (1819) ak nan pwochè *Gibbons* kont *Ogden* (1824)?
- (1) Abi pouvwa prezidan an te evite.
  - (2) Pouvwa gouvènman federal la te ogmante.
  - (3) Pouvwa Kongrè a sou teritwa yo te redui.
  - (4) Te gen restriksyon sou libète ki garanti nan Deklarasyon Dwa Moun.
- Sèvi ak chema kwonologik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 lan.
- 1803 — Trete Acha Lwizyàn te detèmine fwontyè Etazini alwès.**
- 1818 — Konvensyon avèk Grannbretay te detèmine fwontyè nò Teritwa Lwizyàn.**
- 1819 — Trete Adams-Onís te akòde Florida ba Etazini.**
- 1842 — Trete Webster-Ashburton te detèmine fwontyè Maine-Kanada.**
- 1846 — Trete Oregon te detèmine fwontyè nò Teritwa Oregon.**
- 11 Chema kwonologik la montre fason prensipal Etazini te vin gen teritwa a nan kòmansman 19yèm syèk la se te nan
- |               |                     |
|---------------|---------------------|
| (1) lagè      | (3) dekrè egzekitif |
| (2) diplomasi | (4) arbitraj        |
- 
- 12 Nan ane 1830 yo, Prezidan Andrew Jackson te sipòte politik pou retire Endyen yo paske
- (1) kolon blan yo te vle gen teren kote Endyen Natifnata Ameriken yo t ap viv
  - (2) Endyen Natifnata Ameriken t ap atake vil sid yo
  - (3) li te vle pini Endyen Natifnata Ameriken yo poutèt opozisyon politik yo
  - (4) li t ap chèche pou Etazini gen kontwòl nèt sou Texas

Sèvi ak penti ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 13.

### Pwogrè Lanpi a Fè Alwès



Sous: Emanuel Leutze, 1861

13 Ki pwendvi atis la transmèt la a?

- (1) Iwanj pou Destine Manifès
  - (2) opozisyon pou mete yon pwen final nan esklavaj
  - (3) opozisyon pou acha Alaska
  - (4) ankourajman devlopman endistriyèl
-

Sèvi ak deklarasyon oratè yo ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 14 ak 15.

*Oratè A:* Fason kòrèk pou rezoud kesyon esklavaj la nan teritwa yo se kite moun k ap viv ladan yo detèmine si eta kote y ap viv la dwe esklavajis oswa lib.

*Oratè B:* Desizyon Kou Siprèm nan pwosè *Dred Scott* kont *Sanford* se egzakteman sa peyi sa a bezwen. Pètèt kounye a abolisyonis yo ap sispann enjerans yo.

*Oratè C:* Sesesyon se yon zak ki ilegal ak trèt. Tout sa ki posib dwe fèt pou konsève Inyon an.

*Oratè D:* Dwa eta yo dwe pwoteje. Gouvènman federal la depase otorite li.

14 Solisyon *Oratè A* pwopoze a rele

- |                       |                       |
|-----------------------|-----------------------|
| (1) envalidasyon      | (3) sistèm restan     |
| (2) souverènte popilè | (4) supremasi federal |

15 Ki oratè ki reprezante pwendvi Prezidan Abraham Lincoln avèk plis presizyon?

- |       |       |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |

16 Yo te mete Kòd Nwa yo anplas nan Sid la imedyatman apre Gè Sivil la nan yon efò pou

- |  |
|--|
| (1) antre moun lib yo nan soyete ameriken an |
| (2) kore Pwoklamasyon Emansipasyon           |
| (3) ogmante opòtinite edikasyonèl            |
| (4) limite dwa Ameriken Nwa ki te fèk lib yo |

Sèvi ak deklarasyon oratè yo ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 17 ak 18.

*Oratè A:* Gouvènman an pa ta dwe foure bouch nan zafè biznis yo. Mache a ap kontwole tèt li apre yon peryòd tan. Biznis ki gen siksè yo ap rete, alòske y ap elimine sa ki pa efikas yo.

*Oratè B:* Inegalite ki soti nan kapitalis san kontwòl twò gwo. Travayè ak konsomatè apa depannde pwopriyetè biznis yo pou yo viv. Gouvènman an dwe fè kichòy pou pwoteje moun yo.

*Oratè C:* Gouvènman an ta dwe posede ak kontwole manifakti prensipal, sèvis transpò ak endistri bankè yo.

*Oratè D:* Travayè yo ta dwe kontwole endistri kote y ap travay la. Yo ta dwe separe pwofi yo egalego pamì yo.

17 Ki aksyon gouvènman federal ki te yon etap nan apwòch pou biznis *Speaker B* favorize a?

- |   |
|---|
| (1) pasaj Lwa sou Chemennfè Transkontinantal                                  |
| (2) pasaj Lwa Sherman kont Monopòl  |
| (3) kreyasyon sistèm sèvis civil  |
| (4) desizyon Kou Siprèm nan <i>United States</i> kont <i>E. C. Knight Co.</i> |

18 Ki oratè ki eksprime yon pwendvi ki pi konsistan avèk prensip ekonomi lesefè?

- |       |       |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |

Sèvi ak foto ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 19.

**Timoun Apache lè yo te rive nan  
Carlisle Indian School (Pennsylvania), 1886**



**Timoun Apache yo nan  
Carlisle Indian School kat (4) mwa apre, 1887**



Sous: National Museum of the American Indian, Smithsonian Institution

19 De foto sa a sijere objektif prensipal Carlisle Indian School se te

- (1) fòme fiti dirijan nan tradisyon tribi yo
- (2) prepare timoun yo pou lavi sou rezèv yo
- (3) anseye ladrès ki nesesè pou travay nan faktori yo
- (4) ankouraje asimilasyon kiltirèl

20 Yon kòz prensipal antagonis pou “nouvo imigran” ki te vini nan Etazini apre ane 1880 se te konviksyon ki endike yo

- (1) te pi byen edike pase Ameriken natifnatal yo
- (2) gen yon mòdvi ki pi bon pase pifò Ameriken yo
- (3) adapte fasil avèk kilti ameriken an
- (4) fè konpetisyon avèk Ameriken yo pou djòb kòm ouvriye ki pa kalifye

21 Sekretè-Deta John Hay te voye Nòt Politik Pòt Louvri (1899–1900) ba puisans mondyal yo pou

- (1) anpeche Chinwa yo vini nan Amerik
- (2) jwenn yon rezolisyon onèt nan Lagè Ris-Japonè
- (3) pwoteje enterè komèsyal Etazini nan Lachin
- (4) mete yon pwen final pasifik nan Rebelyon Boksè

22 “...Poutèt sa nou deklare, epi paske noumenm nou adopte pwomèsa a, pou mande sè ak frè nou yo konsènan yon danje komen ak yon lespwa komen, pou fè kòz komen avèk nou, nan travay presèp [prensip] rezonab ak itil li an pratik lavi chak jou a.

*Mwen fè pwomèsa solanèl, si Bondye ede mwen, pou fè abstinans nan tout, alkòl ki fèmante ak alkòl malte, tankou diven, byè ak sid, , epi pou anplwaye bon jan mwayen pou dekorajye itilizasyon ak trafik la nan menm bagay la....”*

— National Woman's Christian Temperance Union,  
1908 (adapte)

Dapre pasaj sa a, moun ki te adopte pwomèsa a te kwè

- (1) reliyion pa t gen plas nan politik nasyonal
- (2) Kongrè a ta dwe abwoje Pwoyibisyon
- (3) konsomasyon alkòl t ap domaje sosyete a
- (4) se sèl gouvènman an ki kapab rezoud pwoblèm sosyal yo

- 23 Yon objektif prensipal mouvman Pwogresis la se te pou
- ekilibre bidjè federal lè li diminye depans yo
  - bay asirans chomaj pou travayè yo
  - limite kontwòl dirèk sitwayen yo sou gouvènman an
  - pase lwa pou ede rezoud pwoblèm ekonomik yo ak pwoblèm sosyal yo
- 24 Yon objektif politik etranje Prezidan Theodore Roosevelt se te pou
- kreye fiti eta lè li amekse teritwa zile pasifik yo
  - limite entèvansyon ewopeyen nan Emisfè Oksidental la
  - limite envestisman Etazini nan Amerik Latin
  - ankouraje mouvman endependans yo nan Afrik
- 25 Sou ki pwoblèm W. E. B. Du Bois ak Booker T. Washington pa t dakò ditou?
- konstitisyonale Lwa Sherman kont Monopòl
  - konstwiksyon Kannal Panama
  - metòd pou vin gen egalite ras
  - sipòte Alye yo nan Premyè Gè Mondyal la
- 26 Apre Premyè Gè Mondyal la, senatè ki te kont patisipasyon Etazini nan Lig Nasyon te fè konnen patisipasyon ameriken nan òganizasyon an kòm manm ta
- limite pouwwa prezidan an
  - fè komès avèk nasyon ki pa manm yo twò difisil
  - fòse peyi a mete yon pwen final nan alyans militè tradisyonèl
  - lakòz nasyon an patisipe nan konfli mondyal yo pidevan
- 27 Lagrann Migrasyon pandan Premyè Gè Mondyal la vle gen pou wè ak mouvman
- travayè faktori ant Nòdès ak Senti Solèy
  - kominis yo te depòte nan Lawisi kòm etranje endezirab
  - Ameriken Nwa yo nan vil nò yo pou jwenn travay
  - refijye ki kite Ewòp-de-Lès pou vini nan Etazini
- 28 Kisa ki te yon faktè prensipal ki te lakòz ewozyon diferans kiltirèl reyjonal nan ane 1920 yo?
- devlopman televizyon
  - popilarite radyo ak sinema k ap devlope
  - piblikasyon woman F. Scott Fitzgerald ak Sinclair Lewis
  - ogmantasyon vwayaj nan avyon apre vol Charles Lindbergh
- 29 Pandan ane 1920 yo, pwosè Sacco ak Vanzetti, envazyon Palmer, ak retou Kouklouksklan montre
- santiman nativis yo t ap ogmante
  - valè kiltirèl te sanble ant ameriken lavil yo ak ameriken andeyò yo
  - sipò popilè pou patisipasyon entènasyonal t ap ogmante
  - sipò piblik pou limite imigrasyon t ap bese
- 30 Yon gwo diferans ant filozofi Prezidan Herbert Hoover ak Prezidan Franklin D. Roosevelt nan repons pou Lagrann Depresyon sèke Roosevelt
- te vle depannde charite prive pou bay èd
  - ensiste sou bezwen pou endependans endividiyèl
  - sipòte sekou dirèk pou moun ki pa t ap travay
  - te panse gouvènman an pa ta dwe foure bouch nan refòm ekonomik
- 31 Ki ajans federal, yo te kreye pandan Nyoudil, ki te la pou evite pwoblèm grav nan mache estòk la?
- Administrasyon Sekirite Sosyal
  - Administrasyon Pwogrè Travay
  - Administrasyon Ajisteman Agrikòl
  - Komisyón Tit ak Echanj

Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 32 ak 33.



Sous: Joseph Parrish, *Chicago Tribune*, February 8, 1937

- 32 Lide prensipal komik 1937 sa a sou Prezidan Franklin D. Roosevelt sèke Prezidan an ap
- (1) eseye ogmante respè piblik la pou Kou Siprèm
  - (2) chèche èd Kou Siprèm kont opozan politik li yo
  - (3) eseye egzèse twòp enflyans sou Kou Siprèm
  - (4) refize kite Kou Siprèm revize lejislasyon an

- 33 Yon rezulta sitiyasyon ki endike nan komik lan se te
- (1) Prezidan Roosevelt te deside pa chèche re-éleksyon
  - (2) Kou Siprèm te mete yon pwen final nan pifò pwogram Nyoudil
  - (3) Prezidan Roosevelt te anba akizasyon pou abi pouvwa li
  - (4) Kongrè a te rejte efò Prezidan Roosevelt pou mete anpil moun nan Kou Siprèm

Sèvi ak ilistrasyon ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 34.



Sous: War Production Board, 1943



Sous: Office of War Information, 1943

34 Yo te itilize ilistrasyon sa yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la pou ankouraje fan yo

- (1) ogmante revni yo lè yo achte obligasyon lagè
- (2) konsève pwodui nan kay pou sipòte efò lagè a
- (3) fè don manje pou ede nourì fòs alye yo
- (4) sipòte efò lagè a lè yo travay nan endistri ladefans

35 Apre Dezyèm Gè Mondyal la, baz legal pou Alye yo fè pwosè kriminèl ofisyèl lagè alman ak japonè sèke ofisyèl sa yo te

- (1) kapote monachi yo avèk lafòs
- (2) vyole akò pou pa fè agresyon
- (3) fè krim kont limanite
- (4) kreye eta ki gen lapolis kominis

36 Yo te fòme Òganizasyon Trete Atlantik Nò (OTAN) nan ane 1949 sitou pou

- (1) prevwa defans nasyon manm yo youn pou lòt
- (2) ankouraje echanj sosyal ak kiltirèl ant mamm yo
- (3) ankouraje komès lib ant Etazini ak Azi
- (4) rebati ekonomi Ewòp-de-Lwès ki ravaje nan lagè

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 37.

...Yo deklare li se politik Prezidan an ki endike a dwe gen egalite tretman ak opòtinite pou tout moun nan sèvis fòs lame san konsiderasyon ras, koulè, relijon oswa peyi kote moun yo fêt. Yo dwe mete politik sa a anvigè san pèdi tan, paske li gen pou wè ak tan ki nesesè pou fè nenpòt chanjman ki nesesè san deranje efikasite oswa moral li. ...

— President Harry Truman, Executive Order 9981, July 26, 1948

37 Dapre pasaj la, objektif prensipal Prezidan Truman nan piblikasyon dekrè egzekitif sa a se te pou

- (1) sispann anwolman nan fòs lame
  - (2) mete yon pwen final nan segregasyon an nan fòs lame
  - (3) ogmante opòtinite pou fanm yo sèvi nan konba
  - (4) asire gen yon kantite konvnab twoup pou batay nan Gèfwad la
- 

38 “**Etazini Voye Sekou nan Lagrès ak Latiki”**

“**Lachin Tonbe anba Men Kominis Wouj yo”**

“**Senatè Joe McCarthy Fè Konnen Kominis yo Anvayi Gouvènman Etazini”**

Ki jeneralizasyon konsènan gran tit sa yo ki pi valab?

- (1) Gèfwad te afekte politik lokal ak politik etranje Etazini.
  - (2) Inyon Sovyetik te ede nan rekonstwiksyon Japon apre Dezyèm Gè Mondyal la.
  - (3) Etazini te retounen nan yon politik etranje netralite apre Dezyèm Gè Mondyal la.
  - (4) Nasyonzini te alatèt efò pou bloke fachis lan.
- 

Sèvi ak entèvyou ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 39 ak 40.

...[Repòtè Mike] WALLACE: Dakò, mesye. Yon Tribunal Distri Federal deja deside yo ta dwe entegre Little Rock [Arkansas] Central High School. Epi rezon pou anpeche entegrasyon an kounye a anemik [fèb]. Anrapò ak pwomès Prezidan [Dwight D. Eisenhower], èske w ap respekte desizyon sa a epitou èske w ap bay akò pou entegrasyon an kòmanse demen maten?

...[Gouvènè Orval] FAUBUS: Mwen te bay akò mwen anvan pou entegrasyon an. Yo pa t mande Gad la pou anpeche entegrasyon an, men pou kenbe kominate a nan lapè ak lòd. Epi, sètènman, mwen pa dakò avèk deklarasyon preliminè ki endike n ap defye yon Lòd Tribunal Federal, dapre ipotèz ki endike lapè ak bon lòd kominate a gen priyore sou tout lòt pwoblèm. ...

— Mike Wallace interview with Arkansas Governor Orval Faubus, September 15, 1957


39 Pwooblèm ki diskite nan entèvyou sa a te fè vin gen yon efò pou kore desizyon Kou Siprèm nan

- (1) *Dred Scott kont Sanford*
- (2) *Plessy kont Ferguson*
- (3) *Brown kont Konsèy Edikasyon Topeka*
- (4) *Heart of Atlanta Motel kont Etazini*

40 Konfwontasyon ant Gouvènè Faibus ak Prezidan Eisenhower ki te gen pou wè ak entèvyou sa a te fini avèk

- (1) itilizasyon twoup federal pou pwoteje elèv Ameriken Nwa yo
  - (2) pasaj Vòt Kongrè a sou Lwa ou Dwa pou Vote
  - (3) fòse Gouvènè Faibus bay demisyon li
  - (4) dezegregasyon imedyat tout lekòl Sid yo
-

Sèvi gran tit jounal ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 41.



Sous: *New York Daily News*,  
October 23, 1962 (adapte)

41 Kriz yo rezime nan gran tit sa yo nan jounal la se te

- (1) envazyon Bèdèkochon nan Kiba
- (2) eleksyon Fidel Castro kòm prezidan Kiba
- (3) opozisyon Kiba nan Alyans pou Pwogrè
- (4) misil nikleyè Inyon Sovyetik mete nan Kiba

42 Ki devlopman ki te yon rezulta dirèk bebiboum ki te vini apre Dezyèm Gè Mondyal la?

- (1) diminisyon nan konstwiksyon lekòl
- (2) ogmantasyon nan sibibanizasyon
- (3) bès nan kantite krim yo
- (4) ogmantasyon nan imigrasyon

43 Pandan ane 1960 yo ak ane 1970 yo, Cesar Chavez te travay pou sendikalize travayè agrikòl migran yo lè li

- (1) te sezi tè leti ak rezen plantè yo
- (2) jwenn vòt lejislasyon federal pou limite imigrasyon
- (3) itilize taktik non-vyolan tankou bòykòt ak grèv grangou
- (4) ankouraje plantè yo pou yo redui mendèv la avèk mekanizasyon

Sèvi ak lèt ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 44 la.

CLARK M. CLIFFORD  
815 Connecticut Avenue  
Washington, D.C. 20006

17 Me 1965

Prezidan  
Mezon-Blanch

Chè Mesye Prezidan:

...Mwen kwè fòs sou teren nou yo ki nan Sid Vyvetnam ta dwe nan yon minimòm, annamoni avèk pwoteksyon enstalasyon nou yo ak pwopriyete ki nan peyi sa a. Enkyetid mwen sèke Kominis yo ak lemonn ta konsidere twoup Etazini atè yo kòm yon detèminasyon nou genyen pou pote laviktwa nan lagè a sou teren.

Sa kapab yon boubye. Sa kapab reprezante yon angajman final lib nou genyen ki ta pran plis twoup sou teren ofi-amezi, san yon lespwa laviktwa final ki ka reyalize.

Mwen pa panse sitiyasyon an kapab konpare avèk Kore. Pozisyon pati ki konsène yo, ak kondisyon fizik yo, tankou teren, diferan nèt. ...

Mwen voye anpil salitasyon pou ou,  
Clark

Sous: National Security Archive, The George Washington University

44 Ki konsèy sou patisipasyon Etazini nan Vyvetnam Prezidan Lyndon B. Johnson resevwa nan lèt sa a?

- (1) Ogmantasyon Lagè Vyvetnam nesesè pou sispann ekspansyon kominis.
- (2) Ogmantasyon angajman militè Etazini nan Vyvetnam ta yon erè.
- (3) Laviktwa nan Lagè Vyvetnam ap asire si prezidan an kontinye politik li yo.
- (4) Siksè militè nan Vyvetnam ap amelyore chans prezidan an pou re-éléksyon li.

Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 45 lan.

## **“ETRANJ — YO TOUT SANBLE GEN MENM KONEKSYON AVÈK KOTE SA A”**



Sous: Herblock, *Washington Post*, June 23, 1972 (adapte)

45 Ankèt ki se sijè komik sa a te facilite

- (1) otorizasyon finansman publik tout eleksyon federal yo
- (2) demisyon posib Prezidan Richard Nixon
- (3) konfime dwa Prezidan Nixon pou privilèj egzekitif Kou Siprèm
- (4) piblikasyon padon pou èd prezidansyèl yo

46 “Iran Kòmanse Pwogram Anrichisman Iranyòm”

“Kore-di-Nò Ap Fè Tès Atomik Anba Tè”

“Pakistan Anba Akizasyon Kòm Peyi ki Vann Sekrè Atomik ba Libi”

Gran tit sa yo pi gen pou wè deprè avèk enkyetid pou sekirite nasyonal Etazini sou

- (1) pwoliferasyon zam nikleyè
- (2) konstwiksyon izin enèji nikleyè
- (3) efikasite trete entèdiksyon tès nikleyè
- (4) egzekisyon Trete Limit Zam Estratejik

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 47.

...Nan dènye deseni an, kapitalis, ki ka pwouve li pi bon nan sistèm ekonomik konstiyo, pwouve avantaj li yo sou lòt kalite sistèm yo. Ottowout enfòmasyon ap agrandi avantaj sa yo. L ap pèmèt moun ki pwodui machandiz yo wè, anpil efikasite pase sa te janm ye anvan, sa achtè yo vle, epitou l ap pèmèt posib konsomatè yo achte machandiz yo avèk plis efikasite. Adam Smith ta kontan. Pi enpòtan ankò, konsomatè tout kote ap jwi avantaj yo.

— Bill Gates, 1995


47 Ki deklarasyon ki eksprime lide prensipal pasaj sa a avèk plis presizyon?

- (1) Teknoloji enfòmasyon ap fè li pi fasil pou achte ak vann machandiz.
- (2) Teknoloji enfòmasyon ap fè kapitalis la pase mòd.
- (3) Gouvènman an dwe kontwole endistri teknoloji enfòmasyon an.
- (4) Depans pou teknoloji enfòmasyon ap pi enpòtan pase avantaj li yo.

48 Tèm kont ekspansyon, teyori domino, ak vanjans an mas pi asosye deprè avèk efò politik etranje Etazini pou

- (1) konsève netralite pandan Premyè Gè Mondyal la (1914–1917)
- (2) evite konfli avèk Almay ak Japon nan ane 1930 yo
- (3) fè Gèfwad la nan ane 1950 yo
- (4) ogmante komès avèk Amerik Latin nan ane 1970 yo

Sèvi ak graf ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn késyon 49 ak 50.



49 Ki konklizyon enfòmasyon ki nan graf la pi sipòte aklè?

- Imigrasyon te ogmante nan chak deseni pandan tout ane 1900 yo.
- Imigran yo gen yon to natalite ki pi wo pase ameriken natifnatal yo.
- Imigrasyon ka diminye anpil pidevan.
- Imigrasyon nan ane 1990 yo te apeprè menm ak premye deseni ane 1900 yo.

50 Nivo imigrasyon ki endike sou graf la pou ane 1930 yo ak ane 1940 yo se te sitou akòz

- mank teren lib nan Etazini
- yon kriz ekonomik mondal ak lagè
- atak nativis yo sou nouvo imigran yo
- amelyorasyon kondisyon politik yo nan Ewòp

## Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons ou pou Pati II a, sonje pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”
- (b) diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## Pati II

### KESYON REDAKSYON TEMATIK

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki endike sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

#### Tèm: Gouvènman (Lejislasyon Kongrè)

Pandan tout istwa Etazini, Kongrè a te vote lejislasyon pou rezoud pwoblèm sosyal ak ekonomik ki enpòtan. Lwa sa yo te souvan gen yon konsekans enpòtan sou Etazini ak/oswa sisyete ameriken an.

#### Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** pyès lejislasyon Kongrè Etazini te vote epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz yo vote lejislasyon an
- Diskite sou konsekans lwa a genyen sou Etazini ak/oswa sou sisyete ameriken an

Ou ka itilize nenpòt lejislasyon Kongrè a ki te la pou rezoud yon pwoblèm enpòtan. Men kèk sijesyon ou ta ka vle anvizaje mete:

Konpwomi Missouri (1820)

Lwa Wagner/Lwa Nasyonal sou Relasyon Travay (1935)

Lwa kont Esklav Mawon (1850)

Lwa sou Otowout Entè-Eta (1956)

Lwa Omstèd (1862)

Lwa sou Dwa Sivil (1964)

Lwa sou Enspeksyon Vyann (1906)

Tit IX Amannman nan Edikasyon (1972)

Lwa sou Rezèv Federal (1913)

Akò Lib Echanj Amerik-di-Nò (1992)

#### Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

**Pa itilize Lwa USA Patriot paske enfòmasyon ki nan lwa  
sa a parèt nan Keson ki Baze sou Dokiman an.**

**Pa itilize yon amannman konstitisyonèl jan yo adopte amannman  
konstitisyonèl yo nan yon pwosesis diferan.**

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

**Pati III****KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN**

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste abilte w pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre konteks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

**Konteks Istorik:**

Pandan moman kriz nasyonal, prezidan Etazini yo pran desizyon diskitab ki afekte libète civil yo. Twa (3) desizyon konsa se te **sispansyon abeyas kòpous Abraham Lincoln, dekrè egzekitif Franklin D. Roosevelt pou demenaje Japonè-Ameriken yo**, epi siyati **George W. Bush nan Lwa USA Patriot**.

**Sa pou fè:** Itilize enfòmasyon ki sòti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** desizyon prezidansyèl ki afekte libète civil ki endike an konteks istorik epi pou yo **chak**

- Dekri sikostans istorik ki te lakòz desizyon sa a
- Diskite sou yon rezònman *moun ki anfavè yo ak* sou yon rezònman moun ki *te kont desizyon* prezidansyèl sa a

**Nan developman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:**


- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1a



Sous: Kennedy and Bailey, eds., *The American Spirit, Volume I: To 1877*, Houghton Mifflin, 2002 (adapte)

#### Dokiman 1b

...Apre yon foul moun nan Baltimore te atake 6yèm Enfantri Massachusetts pandan li t ap pase nan vil la sou wout li pou ale defann Washington nan mwa avril 1861, lòt fanatik Konfederé yo nan Maryland te desann fil telegraf yo epi yo te boule pon chemennfè ki konekte kapital la ak monn déyò a. Kòm repons, Lincoln te sispann rekou abeyas kòpous [pwoteksyon kont detansyon ilegal] ant Philadelphia ak Washington. Lòd prezidansyèl apre yo te ogmante zòn kote rekou a te sispann jouk nan yon pwoklamasyon 24 septanm 1862, ki te sispann li tout kote nan peyi a—Nò ak Sid—epi pou bon mezi te otorize lwa masyal ak pwosè nan tribunal militè kont “tout Rebèl ak Ensije, moun ki ede yo, ak fanatik [sipòtè] yo. . . epi tout moun ki dekoraje anwolman volontè nan lame, ki reziste anwolman nan milis, oswa ki koupab pou nenpòt pratik malonèt, ki bay èd ak sekou pou Rebèl yo kont otorite Etazini.” ...

Sous: James M. McPherson, *This Mighty Scourge: Perspectives on the Civil War*, Oxford University Press, 2007 (adapte)

- 1 Dapre dokiman sa yo, ki **de (2)** pwoblèm Prezidan Abraham Lincoln te genyen nan ane 1861? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 2a

Nan dat 16 me 1863, Komite Demokratik Albany, NY, te adopte anpil rezolisyon pou denonse abi sipoze Prezidan Abraham Lincoln te fè nan Konstitisyon an. Dokiman 2a se yon ekstrè nan lèt prezidan an pou reponn kritik li yo konsènan sispansyon abeyas kòpous.

...Pa nou an se yon dosye rebelyon—yo mande nan rezolisyon yo devan mwen—sa vle di, yon dosye rebelyon ki klè, evidan ak jeyan; epi dispozisyon Konstitisyon an ki endike “privilèj rekou abeyas kòpous pa dwe sispann, sof lè, nan ka rebelyon oswa envazyon, sekirite piblik la ka egzise sa,” se *dispozisyon* ki aplike sitou nan dosye prezan nou an. ...

Sous: President Abraham Lincoln, “The Truth from an Honest Man: The Letter of the President,” 1863

## Dokiman 2b

...Dapre pwendvi Lincoln, moun ki te ekri Konstitisyon an te saj pou mete yon dispozisyon ki prevwa sispansyon rekou *abeyas kòpous*, ki te nesesè pou evite “latwoubay toudenkou ak ekstansif kont gouvènman an.” Lincoln te fè Demokrat Albany yo konnen arrestasyon Vallandigham [ansyen Manm Kongrè Ohio Clement Vallandigham] pa t, jan yo te kwè pa erè, baze sou kritik li kont administrasyon an. Demokrat yo te akize administrasyon pou arrestasyon Vallandigham nan yon efò pou fèmen bouch li, epi *Atlas and Argus* te fè konnen sa yo panse [eksprime pwendvi yo] pou di “arrestasyon an se yon menas kont chak sitwayen piblik ki refize sipòte mezi ekstrèm Kabinè Abolisyon an”; men Lincoln te deklare Vallandigham te jwenn arrestasyon li poutèt li te admèt ostilite li kont efò lagè Inyon an, zak li te fè pou anpeche ogmantasyon twoup yo, epitou ankourajman li pou militè yo dezète lame a.

Answit, efò Vallandigham, ki vize pou domaje fòs lame a epi pou kite Inyon an san yon fòs militè konvnab pou siphre rebelyon an, te entolerab pou administrasyon an epi antitetik [opoze] kont efò Inyon an pou pwoteje nasyon an. Lincoln te fè konnen eksperians sa a te montre fòs lame yo pa t ka kenbe, men militè ki te dezète lame a t ap jwenn pinisyon lanmò. Li te kwè efò Vallandigham pou ankouraje militè yo dezète lame a te nuizib menm jan pou nasyon an epi li ta dwe jwenn pinisyon lanmò tou. Answit, te vini pasaj repons Lincoln yo te pi sonje: “Èske mwen dwe fizye yon ti gason sòlda senp ki dezète lame a, pandan mwen pa dwe manyen yon branch cheve yon ajitatè koken ki ankouraje li dezète lame a? . . . Mwen panse nan yon ka konsa, fèmen bouch ajitatè a, epi sove lavi ti gason an, pa sèlman konstitisyonèl, men tou menm sa a, se yon gwo pitye.” ...

Sous: Frank J. Williams, “When Albany Challenged the President,” *New York Archives*, Winter 2009

- 2 Dapre dokiman sa yo, ki **yon** rezònman ki itilize pou **sipòte** sispansyon rekou abeyas kòpous Prezidan Lincoln? [1]

Score

### Dokiman 3a

...Kloz konstitisyon an, ki otorize sispansyon privilej rekou abeyas kòpous, endike nan 9yèm seksyon premye atik la. Atik sa a deziyen pou depatman lejislatif Etazini, epi li pa referans lejè pou depatman egzekitif la. Li kòmanse pou di "yo dwe bay tout pouvwa lejislatif ki akòde nan atik la pou kongrè Etazini, ki dwe fòme avèk yon sena ak yon chanm reprezantan." Epi apre preskripsiyon mannyè yo dwe chwazi de (2) branch lejislatif sa yo, li dwe enimere pouvwa lejislatif espesyal li genyen [ak pouvwa lejislatif li dwe entèdi yon fason espesyal]; epi nan fen espesifikasyon sa a, yo mete yon kloz pou bay kongrè a "pouvwa pou fè tout lwa ki dwe nesesè ak kòrèk pou fè egzekisyon pouvwa anvan yo, epi tout lòt pouvwa konstitisyon sa a bay nan gouvènman Etazini, oswa nan nenpòt depatman oswa biwo ki ladan." ...

Sous: Chief Justice Roger B. Taney, *Ex Parte Merryman*, May 1861 (adapte)

- 3a Dapre dokiman sa a, pou kisa Jij Prensipal Roger Taney panse Prezidan Abraham Lincoln **pa** gen dwa pou sispann abeyas kòpous? [1]
- 
- 

Score

### Dokiman 3b

...Aksyon sa yo te konteste [kontwovès] nan moman an; sispansyon abeyas kòpous ak kreyasyon tribinal militè yo, si se pa Pwoklamasyon Emansipasyon, toujou diskitat pami istoryen yo jodi a. Paske Lincoln te itilize pouvwa lagè sa yo sa te pèmèt prezidan apre yo te envoke yo nan lagè. Toujou gen deba pou konnen si yo te konstitisyonèl oswa nesesè nan ane 1860 yo, oswa pita nan lagè yo. Nan ka *Milligan* nan ane 1866, Kou Siprèm Etazini te deklare pwersè sivil yo ki t ap fèt nan tribinal militè yo te enkonstitisyonèl nan zòn kote tribinal sivil yo louvri. Epi kék nan aksyon administrasyon Lincoln, tankou arrestasyon lejislatè Maryland yo ak lòt ofisyèl nan mwa septanm 1861, te sanble depase ak san fondman pou okenn nesesite militè rezonab. ...

Sous: James M. McPherson, *Tried By War: Abraham Lincoln as Commander in Chief*, Penguin Press, 2008 (adapte)

- 3b Dapre James McPherson, kisa ki **yon** rezònman moun ki te **kont** sispansyon abeyas kòpous Prezidan Lincoln te itilize? [1]
- 
- 

Score

## Dokiman 4a

Mesye Vis-Prezidan, ak Mesye Oratè, Manm Sena a ak Chanm Reprezantan yo:

Ayè ki te 7 desanm 1941—yon dat ki pral viv nan dezonè—Etazini Damerik te anba atak fòs naval ak fòs-de-lè Lanpi Japon toudenkou ak espre.

Etazini te nan lapès avèk Nasyon sa a epi, sou demann Japon, nou te toujou nan konvèssasyon avèk Gouvènman li ak Lanperè li pou chèche konsève lapè nan Pasifik la. ....

Antan Kòmandan-an-Chèf Fòs Lame ak Lamarin, mwen mande pou nou pran tout mezi pou defans nou.

Men toujou tout Nasyon nou an ap sonje karaktè atak sa a kont nou. ....

Sous: President Franklin D. Roosevelt, Address to Congress, December 8, 1941

## Dokiman 4b

...Men, Fòs Lame te jistifye deplasman akòz nesesite militè. Dapre rapò DeWitt [Jeneral John L. DeWitt, Kòmann Defans Oksidental chèf fòs lame]: “Prezans kontinye yon gwo gwoup rasyal, san non, ki soude sere, te asosye avèk yon nasyon lennmi avèk koneksyon solid nan ras, kilti, koutim ak reliyion toutolon yon fwontyè ki fasil pou atake te reprezante yon menas nou te gen pou kontwole.” Menm absans nenpòt zak sabotaj deklare te lakòz sisipyon, paske nou te konsidere sa kòm prèv ki endike yo te travay plan yo avèk anpil prekosyon epi yon “dat limit envizib” t ap rive. Epoutan menmsi menas tantativ [atak] japonè yo kont Lakòt Lwès la pa t elimine jouk apre Batay Midwe nan mwa jwen 1942, epi menmsi sipozisyon ki endike tout Japonè-Ameriken yo te pètèt manm senkyèm kolòn [espyon] te jwenn fòs nan yon rapò sou Pearl Harbor ki atribiye [afekte] pèt ameriken yo nan espyonaj, desizyon Fòs Lame a pou demenaje tout Japonè yo te lakòz anpil bagay nan clamè gwoup presyon yo menm jan nan yon evalyasyon risk militè. Nan fen mwa janyye, DeWitt te rapòte, “Gen yon gwo volim opinyon piblik kounye a k ap devlope kont Japonè tout klas yo. Poutèt sa, se pa moun ki panse li ki ni lakòz li ni devlope li, men pi bon moun California yo.” ....

Sous: Richard Polenberg, *War and Society: The United States 1941–1945*, J.B. Lippincott Company (adapte)

- 4 Dapre dokiman sa yo, endike **de (2)** sikostans ki te lakòz desizyon Prezidan Roosevelt pou demenaje Japonè-Ameriken ki t ap viv sou Lakòt Lwès Etazini. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 5a

### Pi Bon Fason pou Montre Fidelite

Lidè japonè nan California k ap konseye moun yo, etranje ak natifnatal, pou kolabore avèk Fòs Lame a nan egzekite plan deplasman yo ofri pi bon fason posib pou tout japonè yo montre fidelite yo pou Etazini.

Anpil etranje ak tout natifnatal yo t ap pwoteste fidelite yo pou Gouvènman sa a. Menmsi deplasman yo pou mennen yo distri andedan deyò zòn militè yo ka deranje yo enpe, menm difikilte serye pou travay sou kék, yo dwe sètènman rekonèt nesesite pou soti nan zòn konba tout posib senkyèm kolòn yo ak sabotè yo. Menmsi nou pa kapab detekte prezans ajan lennmi yo byen vit lè zòn sa yo gen anpil japonè ladan yo sèl pwosesis k ap rete se retire tout moun ki nan ras sa a pandan tan lagè ap dire. ...

Vrè danje a ta egziste pou tout japonè yo si yo te rete nan zòn konba a. Pi piti zak sabotaj la ta lakòz vanjans avèk kòlè ki kapab tounen yon revòlt rasyal k ap bwè san.

Nou dwe evite nenpòt chans pou yon bagay konsa rive. Fason ki pi sansib ak pi imen pou asire sa pa rive se deplase japonè yo san nou pa fè yo mal epitou pou fè li fasil otank posib pou yo ale ak kanpe lwen jouk lè lagè a fini.

Sous: *San Francisco News*, editorial, March 6, 1942

- 5 Dapre dokiman sa yo, kisa ki te **yon** rezònman *San Francisco News* pou **sipòte** deplasman japonè yo nan Lakòt Lwès? [1]
- 
- 

## Dokiman 5b

### Tout Moun Mare Pakèt yo epi Pare pou Ale



Sous: Douglas Rodger, *San Francisco News*, March 6, 1942 (adapte)

Score

## Dokiman 6

Jij Kou Siprèm Etazini Frank Murphy pa t dakò avèk desizyon majorité a nan pwosè *Korematsu* kont *Etazini*. Dezakò li te konsantre sou rezon ki fè deplasman fose japonè-ameriken yo te enkonstitisyonèl.

...Poutèt sa, rezon prensipal moun ki responsab yo depann pou deplasman fose a pa pwouve yon relasyon rezonab ant karakteristik gwoup japonè-ameriken yo ak danje envazyon, sabotaj ak espyonaj. Olye sa, rezon yo sanble sitou akimilasyon move enfòmasyon, mwatye verite ak sijesyon moun ki gen prejidis rasyal ak ekonomik te dirije kont japonè-ameriken yo pandan anpil ane—menm moun ki te pami defansè prensipal deplasman an. Anjeneral, li pa nesesè pou bay anpil enpòtans pou jijman militè ki baze sou konsiderasyon rasyal ak sosyolojik, paske jijman yo te baze sou konsiderasyon militè sèlman. Espesyalman se sa ki te fèt lè chak akizasyon ki gen pou wè ak ras, reliyion, kilti, pozisyon jewografik, ak sitiyyasyon legal ak ekonomik te dezonore avèk etid endepandan espè ki nan zafè sa yo te fè. ...

Poutèt sa, mwen pa dakò avèk legalizasyon rasis. Diskriminasyon rasyal nan nenpòt fòm ak nan nenpòt degré pa gen pati ki ka jistifye kèleswa sa ki nan mòdvi demokratik nou. Sa lèd nan nenpòt anviwònman, men li revòltan nèt pami yon pèp lib ki adopte prensip ki endike nan Konstitisyon Etazini an. Nan yon fason, tout sitwayen nasyon sa a se mamm fanmi pwòch nan san oswa nan kilti pou yon teritwa etranje. Epoutan yo se sitou ak nesesèman yon pati nan sivilizasyon nouvo ak diferan Etazini. Poutèt sa, yo dwe trete yo toutan kò moun pa yo nan eksperyans ameriken an, epi yo gen dwa menm jan pou tout dwa ak libète ki garanti nan Konstitisyon an.

Sous: Justice Frank Murphy, Dissenting Opinion, *Korematsu v. United States*, December 18, 1944 (adapte)

- 6 Endike **yon** rezon ki fè Jij Kou Siprèm Frank Murphy te kwè deplasman fose japonè-ameriken yo te enkonstitisyonèl. [1]
- 
- 

Score

## Dokiman 7

...Nan dat 11 Septanm, lennmi libète yo te fè yon zak lagè kont peyi nou an. Ameriken yo te fè lagè, men pandan dènye 136 ane yo, yo te nan lagè sou tè etranje, sof pou yon dimanch nan ane 1941. Ameriken yo te pèdi anpil moun nan lagè, men pa nan mitan yon gran vil nan yon maten pasifik. Ameriken yo pran nan atak sipriz, men pa janm anvan sou anpil milye sivil. Tout sa te vini sou nou nan yon sèl jou, epi lannwit te tonbe sou yon diferan monn, yon monn kote libète a poukонт li anba atak. ...

Aswè a nou anfas defi nasyonal ki nouveau epi ki parèt toudenkou. N ap fè yon sèl pou amelyore sekirite lè a, pou ogmante kantite marechal-de-lè yo nèt nan vòl lokal yo, epi pou pran nouveau mezi pou evite detounman avyon. N ap fè yon sèl pou ankouraje estabilite epi pou fè avyon nou yo kontinye vole, avèk èd dirèk pandan ijans sa a.

N ap fè yon sèl pou bay lapolis zouti siplemantè yo bezwen pou jwenn laterè a isit la lakay nou. N ap fè yon sèl pou kore mwayen entèlijans nou, pou konnen plan teworis yo anvan yo fè aksyon epi pou jwenn yo anvan yo frape. ...

Sous: President George W. Bush, Address Before Joint Session of Congress, September 20, 2001

- 7 Pou kisa Prezidan George W. Bush te mande yon ranfòsman pwogram egzekisyón lalwa nan ane 2001? [1]

---

Score

## Dokiman 8

Kongrè a te vote Lwa Patriot sèlman kèk semèn apre atak 11 Septanm yo avèk yon vòt jeneral nan Chanm Reprezantan yo ak Sena a. Nan Chanm Reprezantan an, vòt la te 357 kont 66; nan Sena a li te 98 kont 1.

Anpil nan zouti Lwa a bay pou lapolis batay kont teworis te sèvi pandan anpil deseni pou batay kont krim òganize ak machann dwòg, epi tribunal yo te revize ak apwouye zouti sa yo. Lwa Patriot aplike sitou lwa ki la deja kont krim teworis, tankou itilizasyon zam chimik, zam ki fè destwiksyon an mas, pou touye ameriken nan peyi etranje epi pou finanse aktivite teworis yo.

Te gen rapò nan medya a konsènan Lwa Patriot, ak fason l ap afekte libète sivil nou yo. Nan anpil ka, gen move entèpretasyon grav sou anpil dispozisyon Lwa a. Apre mwen aprann anpil sou Lwa a, mwen swete ameriken yo kapab separe bwi-kouri ak reyalite a. ...

Paske yo te siyen Lwa Patriot pou fè li vin lwa, anketè federal yo te mete yon pwen final nan selil laterè a nan omwen sis vil ameriken, epi Depatman Lajistis te akize plis pase 300 moun nan ankèt yo te fè sou teworis la. Jiska preznan, lajistis te kondane plis pase mwatye moun sa yo, oswa yo te admèt akizasyon an. ...

San Lwa Patriot la, siksè gouvènman an nan anpeche yon lòt atak katastwoifik sou teritwa ameriken an depi 11 Septanm ta sanble pi difisil, si se pa enposib.

Sous: Congressman Lamar Smith, "The Patriot Act Protects Americans," April 23, 2004

- 8a Dapre Manm Kongrè Lamar Smith, kisa ki te objektif Lwa USA Patriot? [1]

---

Score

- b Nan ane 2004, kisa ki te **yon** rezon ki fè Manm Kongrè Lamar Smith te kwè Lwa USA Patriot te gen siksè? [1]

---

Score

## Dokiman 9a

WASHINGTON, 22 mas — Yo te trase liy batay yo madi nan deba sou pouvwa anti-teworis gouvènman an, kòm yon kowalisyon ki pa twò posib avèk defansè dwa sivil, moun konsèvatè ki kwè nan libète pèsonèl, moun k ap sipòte dwa pou moun gen zam ak defans enfòmasyon medikal prive te fè tandem objeksyon yo nan pati enpòtan lwa a ki te ogmante pouvwa sa yo apre atak 11 Septanm 2001.

Bob Barr ki se yon ansyen manm Kongrè repiblikan ki alatèt kowalisyon an di konsa, si yo kite lwa a san chanje sa “ap fè gwo mal ireparab” nan Konstitisyon an lè yo kite gouvènman an fè ankèt sou abitid lekti moun, fouye kay moun san avi epi antre nan lavi pèsonèl yo.

Mesye Barr te vote anfavè lwa a, ki rele Lwa USA Patriot, nan Chanm nan sèlman kèk semèn apre atak 11 Septanm yo, men li te vin youn nan kritik prensipal lwa a, yon chanjman ki montre malèz k ap grandi pamí moun konsèvatè ki kwè nan libète pèsonèl sou ogmantasyon pouvwa gouvènman an nan batay kont teworis la.

Li te fè yon sèl avèk lòt konsèvatè yo ak American Civil Liberties Union madi pou anonse kreyasyon kowalisyon an, ki swete limite kèk nan dispozisyon lwa a ki bay plis pouvwa pou lapolis. ....

Kowalisyon liberal ak konsèvatè yo te di se pa t batay avèk majorite zouti kont-teworis ki ogmante yo lwa a te bay, kèk ladan yo ki reprezante modènizasyon modès nan mwayen gouvènman an pou itilize teknoloji modèn nan koute konvèsasyon moun nan telefòn ak lòt zouti sanblab.

Men gwoup la te di li ta konsantre sou efò li pou ankouraje Kontrè a pou redui twa dispozisyon lwa a ki pèmèt ajan federal yo fè fouy “ankèt an sekrè” nan yon kay oswa biznis san mete moun nan okouran fouy la imedyatman; mande dosye nan enstitisyon tankou bibliyotèk ak klinik medikal; epi itilizasyon yon definisyon laj teworis nan pouswiv sispek yo. ....

Sous: Eric Lichtblau, “Coalition Forms to Oppose Parts of Antiterrorism Law,” *New York Times*, March 23, 2005

# Jasper County Public Library

## Yon Avètisman Bibliyotèk Ou a

Menmsi Jasper County Public Library fè tout efò ki posib pou pwoteje enfòmasyon prive ou, anba Lwa USA PATRIOT (Lwa Biblik 107-56), ajan federal yo ka jwenn dosye tout materyèl ou prete nan bibliyotèk sa a, epitou yo kapab kontwole fason ou itilize Entènèt la. Lwa federal sa a entèdi anplwaye bibliyotèk la pou yo ba ou enfòmasyon si ajan federal yo jwenn dosye sou ou.

Sous: Jasper County (Indiana) Public Library, January 12, 2011 (adapte)

- 9 Dapre dokiman sa yo, ki **de (2)** rezon pou opozisyon nan Lwa USA Patriot? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Pati B

### Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

#### Kontèks Istorik:

Pandan moman kriz nasyonal, prezidan Etazini yo pran desizyon diskitat ki afekte libète civil yo. Twa (3) desizyon konsa se te **sispansyon abeyas kòpous Abraham Lincoln, dekrè egzekitif Franklin D. Roosevelt pou demenaje Japonè-Ameriken yo**, epi **siyati George W. Bush nan Lwa USA Patriot**.

**Sa pou fè:** Itilize enfòmasyon ki sòti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote y ap mande w pou

Chwazi **de (2)** desizyon prezidansyèl ki afekte libète civil ki endike an kontèks istorik epi pou yo **chak**

- Dekri sikostans istorik ki te lakòz desizyon sa a
- Diskite sou yon rezònman *moun ki anfavè yo ak* sou yon rezònman moun ki *te kont desizyon* prezidansyèl sa a

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan



# REGENTS EXAM IN U.S. HISTORY AND GOVERNMENT HAITIAN CREOLE

Enprime sou Papye Resikle

REGENTS EXAM IN U.S. HISTORY AND GOVERNMENT HAITIAN CREOLE